

# NYC<sup>®</sup> Consumer and Worker Protection

Piblikasyon sa gen ladan l enfòmasyon a pati 24 Jen 2021.  
Tanpri ale sou [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) tou.



## ENPÒTAN

- Si ou pa t resevwa youn oswa plizyè tranch Pèman pou Aktivite Ekonomik (pèman ankourajman), li pa twò ta. Piblikasyon sa gen ladan mezi ou dwe pran yo.
- Dapre sitiasyon ou, Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) kapab fè sòti yon "Plus-up Payment." Gade paj 5 pou plis enfòmasyon.
- Ou elijib pou pèman ankourajman (ti diplis) an menm si ou nan prizon oswa ou pa gen kay pou w rete. Gade paj 5 lan si ou pa gen yon adrès pèmanan.
- Fason ki pi rapid epi ki gen plis sekirite pou resevwa pèman ou an se nan depo dirèk.

## Kisa Ou Dwe Konnen konsènan Twazyèm Pati Pèman pou Aktivite Ekonomik yo ak Kredi Ranbousman Rekiperasyon

Dapre Lwa sou Plan Sovtaj Ameriken ane 2021 an fanmi ak moun ki kalifye yo pral resevwa yon twazyèm pati Pèman pou Aktivite Ekonomik yo (EIP oswa pèman ankourajman) nan kourye lapòs (chèk oswa kat debi) oswa depo dirèk sou kont ou gen labank. Pifò benefisyè yo pa bezwen fè anyen. Gade anba la a pou w jwenn enfòmasyon.

### Kalifikasyon ak Kantite Lajan pou Twazyèm pati a

Kalifikasyon	Kantite Lajan – Selibatè	Kantite Lajan – De Moun (koup)
<p>Ou kalifye si ou:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Se yon sitwayen Ameriken, rezidan ki stab, oswa yon etranje ki gen rezidans.</li> <li>• Genyen yon nimewo Sekirite Sosyal (Social Security number, SSN) ki valid.</li> <li>• Ou se yon koup ki marye ki fè deklarasyon ansanm epi youn nan nou gen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN). (Gade kolòn Kandida Selibatè an pou ou wè kantite pèman an.)</li> <li>• Si w se yon koup militè epi youn nan nou gen yon Nimewo Sekirite Sosyal. (Gade kolòn Kandida An Koup lan pou ou wè kantite pèman an.)</li> <li>• Genyen yon Revni Brit Korije (Adjusted Gross Income, AGI) pandan ane 2020 an ki mwens pase: <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ \$80,000 (kandida selibatè)</li> <li>▪ \$160,000 (Kandida an koup)</li> </ul> </li> </ul> <p>Pou ou kalifye pou resevwa pèman, ou pa kapab:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Deklare tèt ou antanke yon depandan nan deklarasyon taks yon lòt moun.</li> </ul>	<p>AGI jiska \$75,000:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>\$1,400</b></li> </ul> <p>AGI ant \$75,001 ak \$80,000:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• \$28 an mwens pou chak \$100 pou plis pase \$75,000</li> </ul> <p><b>Remak:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Yon lòt \$1,400 pou chak timoun oswa granmoun ki sou kont ou. Pèman an al jwenn moun ki peye taks yo.</b></li> </ul> <p>Egzanp:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>\$840 (\$77,000 AGI)</b></li> </ul>	<p>AGI jiska \$150,000</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>\$2,800</b></li> </ul> <p>AGI ant \$150,001 ak \$160,000:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• \$28 an mwens pou chak \$100 pou plis pase \$150,000</li> </ul> <p><b>Remak:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Yon lòt \$1,400 pou chak timoun oswa granmoun ki sou kont ou. Pèman an al jwenn moun ki peye taks yo.</b></li> </ul> <p>Egzanp:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>\$560 (\$158,000 AGI)</b></li> </ul>
<p>Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <a href="http://irs.gov/coronavirus">irs.gov/coronavirus</a></p>	<p>Pou verifie estati pèman an, ale sou <a href="http://irs.gov/eip">irs.gov/eip</a> Kandida yo kapab itilize <a href="http://Coronavirus Stimulus Check Calculator">Coronavirus Stimulus Check Calculator</a> nan <a href="http://aarp.org">aarp.org</a> pou verifie kantite apwoksimatif pèman yo an.</p>	

Kontinye >

Remak:

Pèman yo **pa pral**:

- Konsidere antanke yon revni pou pran taks sou li.
- Konte antanke revni k'ap detèmine si w kalifye pou resevwa avantaj tankou Medicaid, Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), ak lojman piblik.
- Konte antanke resous pandan 12 mwa (pou resevwa avantaj piblik yo).

### Nòt Enpòtan konsènan Twa Tranch Pèman ankourajman

Ou resevwa Premye ak Dezyèm Pati Pèman Relans lan	Ou Pa Te Resevwa youn oswa plis Tranch Pèman OSWA Ou Pa Te Resevwa yon Pèman Konplè:
<p><b>Si ou resevwa de premye pèman yo nan depo</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ou kapab benefisyè yon <b>twazyèm tranch pèman an</b> atravè lapòs nan yon lòt jan; pa egzanp, chèk oswa Kat EIP (kat debi).</li> </ul> <p><b>Si ou resevwa avantaj federal epi ou pa ranpli yon deklarasyon enpo nòmalmàn:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ou ta dwe resevwa <b>twazyèm tranch pèman an</b> nan mwa Avril 2021 dapre IRS.</li> </ul> <p><b>Konsènan Kat EIP:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ou pral resevwa kat EIP an atravè lapòs an adrès ki nan rejis IRS yo. W'ap jwenn Kat EIP a nan yon anvlop blan ki gen so Depatman Trezò Piblik Ameriken sou li.</li> <li>• Kat EIP gen non konpayi Visa devan ak non bank lan, ki se MetaBank®, nan do a.</li> <li>• W'ap jwenn nan kourye a enstriksyon sou kijan pou byen aktive epi itilize Kat EIP a.</li> <li>• Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kat EIP an, tankou frè yo, ale sou <a href="http://EIPCard.com">EIPCard.com</a></li> </ul>	<p><b>Si ou pa te resevwa youn premye oswa dezyèm tranch pèman OSWA ou pa te resevwa tout kantite yo dwe w la:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Itilize Zouti Enskripsyon pou Non-Deklaran pou Kredi Enpo pou Timoun yo, si ou kalifye (ale nan paj 4 la) OSWA deklare Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan nan deklarasyon enpo federal ou pou ane 2020 an. Ale gade nan paj 6 lan pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou sèvis <a href="http://NYC Free Tax Prep">NYC Free Tax Prep</a> yo ki disponib pandan tout ane an.</li> </ul> <p><i>Enpòtan:</i> Lwa ki gen rapò ak diminisyon COVID ki te vote nan mwa desanm 2020 an elaji règ kalifikasyon pou li aplike sou:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Koup ki marye ki fè deklarasyon ansanm epi madanm/mari an gen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN)</i> Madanm/Mari ki gen Nimewo Sekirite Sosyal lan kapab mande Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan pou li resevwa:             <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ <b>Premye Tranch pèman</b> \$1,200 plis \$500 pou chak timoun ki gen yon Nimewo Sekirite Sosyal.</li> <li>▪ <b>Dezyèm Tranch pèman</b> \$600 plis \$600 pou chak timoun ki gen yon Nimewo Sekirite Sosyal.</li> </ul> </li> <li>• <i>Koup militè epi madanm/mari an gen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN)</i> Ou kapab mande Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan pou w resevwa:             <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ <b>Premye Tranch pèman</b> \$1,200 pou mari/madanm ki pa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal. (Nan premye tranch lan, se te sèlman mari/madanm militè ki gen Nimewo Sekirite Sosyal lan ki te konn resevwa pèman an.)</li> </ul> </li> <li>• <i>Moun ki nan prizon</i> Ou kapab mande Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan pou w resevwa pèman ankourajman an.</li> <li>• <i>Moun ki nan sityasyon san lojman</i> Ou kapab mande Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan pou w resevwa pèman ankourajman an.</li> </ul> <p><b>Si ou pa te resevwa <u>twazyèm tranch pèman an</u> OSWA ou pa te resevwa tout kantite yo dwe w la:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Deklare enpo ou pou ane 2020 an pou bay enfòmasyon IRS bezwen pou voye pèman an.</li> </ul>

Kontinye >

## Kiyès Ki Pral Resevwa yon Twazyèm Pèman Otomatik

Ou pral resevwa yon twazyèm pèman otomatik si ou:

- Reponn ak egzijans kalifikasyon revni a epi te ranpli deklarasyon taks ane 2019 oswa 2020 ou an oswa te anrejistre pou premye pati pèman gras ak zouti IRS pou Non Deklaran yo.
- Resevwa youn nan avantaj federal ki anba la epi ou pa oblije ranpli yon deklarasyon taks:
  - Konpansasyon ak avantaj Pansyon pou Veteran yo (Veterans Affairs, VA)
  - Avantaj Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) yo (*tankou retrèt ak Revni Sekirite Sosyal Andikap (Social Security Disability Income, SSDI)*)
  - Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI)
  - Avantaj Komisyon Konsèy Chemennfè (Railroad Retirement Board, RRB)
  - Avantaj pou Sivivan yo (VA, SSA, RRB)

IRS gen zouti ki pou ede w verifye estati pèman ou an. Gade tablo ki anba la pou w jwenn konsèy.

Ou menm:	Mezi Ou dwe Pran:	Zouti pou Itilize:
Te ranpli yon deklarasyon taks pou ane 2019 oswa 2020 oswa te anrejistre gras ak zouti IRS pou Non Deklaran yo.	Okenn	<a href="https://irs.gov/getmypayment">irs.gov/getmypayment</a>  Itilize zouti IRS <i>Get My Payment</i> pou kontwole estati pèman ou an.
Resevwa avantaj SSA, RRB, SSI, oswa Konpansasyon ak Pansyon VA, pa oblije ranpli, ak pa gen <u>okenn timoun sou kont ou</u>  <i>Remak: Sèlman timoun ki gen mwens pase 17 lane ki kalifye pou pèman nan premye ak dezyèm tranch lan.</i>	Okenn	
Resevwa avantaj SSA oswa RRB, pa oblije ranpli, epi <u>genyen timoun sou kont ou</u>  <i>Remak: Sèlman timoun ki gen mwens pase 17 lane ki kalifye pou pèman nan premye ak dezyèm tranch lan.</i>	<p><b>Si w pa te resevwa <u>premye</u> oswa <u>dezyèm</u> tranch pèman an pou timoun ki kalifye yo:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Deklare Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan pou deklarasyon enpo federal ou pou ane 2020 an.</li> </ul> <p><b>Si w pa te resevwa <u>twazyèm</u> tranch pèman an pou timoun ki kalifye yo:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Deklare enpo ou pou ane 2020 an pou bay enfòmasyon IRS bezwen pou voye pèman an pou nenpòt timoun ki kalifye.</li> </ul> <p>Ale gade Preparasyon Taks Gratis Vil New York (<b>NYC Free Tax Prep</b>) nan paj 6 lan.</p>	
Resevwa avantaj SSI, oswa Konpansasyon ak Pansyon VA, pa oblije ranpli, ak pa gen <u>okenn timoun sou kont ou</u>  <i>Remak: Sèlman timoun ki gen mwens pase 17 lane ki kalifye pou pèman nan premye ak dezyèm tranch lan.</i>	<p><b>Si w pa te resevwa <u>premye</u> oswa <u>dezyèm</u> tranch pèman an pou timoun ki kalifye yo:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Deklare Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan pou deklarasyon enpo federal ou pou ane 2020 an.</li> </ul> <p><b>Si w pa te resevwa <u>twazyèm</u> tranch pèman an pou timoun ki kalifye yo:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Deklare enpo ou pou ane 2020 an pou bay enfòmasyon IRS bezwen pou voye pèman an pou nenpòt timoun ki kalifye.</li> </ul> <p>Ale gade Preparasyon Taks Gratis Vil New York (<b>NYC Free Tax Prep</b>) nan paj 6 lan.</p>	

## Kiyès Ki PA Pral Resevwa yon Twazyèm Pèman Otomatik

Ou PA pral resevwa yon twazyèm tranch pèman otomatik si w pa te ranpli deklarasyon taks ane 2019 oswa 2020 an oswa si ou pa te anrejistre pou premye tranch pèman gras ak zouti IRS pou Non Deklaran yo. Gade tablo ki anba la pou w jwenn konsèy.

Ou menm:	Mezi Ou dwe Pran:	Èske ou dwe itilize Zouti IRS Get My Payment lan? <a href="https://irs.gov/getmypayment">irs.gov/getmypayment</a>
<p>Ou gen obligasyon pou ranpli oswa planifye pou ranpli yon deklarasyon paske w panse ou dwe taks oswa ap tann yon ranbousman epi ou pa te ranpli yon deklarasyon taks pou ane 2019 oswa 2020 an.</p>	<p><b>Si w pa te resevwa <u>premye</u> oswa <u>dezyèm</u> tranch pèman yo:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Deklare Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan pou deklarasyon enpo federal ou pou ane 2020 an.</li> </ul> <p><b>Si ou Pa Te Resevwa yon <u>twazyèm</u> Tranch Pèman</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Deklare enpo ou pou ane 2020 an pou bay enfòmasyon IRS la bezwen pou voye pèman an.</li> </ul> <p>Ale gade Preparasyon Taks Gratis Vil New York (<b>NYC Free Tax Prep</b>) nan paj 6 lan.</p>	<p>Non</p>
<p>Pa abitye ranpli taks paske ou pa oblije ranpli yon deklarasyon† epi ou pa benefisye avantaj SSA *, RRB *, SSI *, oswa Konpansasyon ak Pansyon VA* yo.</p> <p>†Sa aplike pou moun ak fanmi ki kalifye ki te gen AGI ki pi ba pase yon sèten kantite.</p> <p><b>2019</b> AGI pi ba pase:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>\$12,200 (kandida selibatè)</li> <li>\$24,400 (Kandida an koup)</li> </ul> <p><b>2020</b> AGI pi ba pase:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>\$12,400 (kandida selibatè)</li> <li>\$24,800 (Kandida an koup)</li> </ul> <p>*Verifye seksyon Kle ki anba la.</p>	<p><b>Si w pa te resevwa <u>premye</u> oswa <u>dezyèm</u> tranch pèman yo:</b></p> <p><i>Opsyon 1:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Sèvi ak <a href="#">Zouti Enskripsyon pou Non-Deklaran pou Kredi Enpo pou Timoun la nan irs.gov</a>. Ou kapab itilize zouti sa menm si ou pa gen timoun pou deklare Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan (pou kantite lajan ki manke oswa yo dwe w yo) epi jwenn twazyèm tranch pèman ou an.</li> </ul> <p><i>Opsyon 2:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Deklare Kredi Ranbousman Rekiperasyon lan pou deklarasyon enpo federal ou pou ane 2020 an.</li> </ul> <p>Ou pral gen bezwen:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Fòm 1040 oswa Fòm 1040-SR lan</li> <li>Avi 1444 la (si ou resevwa nenpòt pèman; nesèsè pou kalkile kredi)</li> </ul> <p><b>Si ou Pa Te Resevwa yon <u>twazyèm</u> Tranch Pèman</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Deklare enpo ou pou ane 2020 an pou bay enfòmasyon IRS la bezwen pou voye pèman an.</li> </ul> <p>Ale gade Preparasyon Taks Gratis Vil New York (<b>NYC Free Tax Prep</b>) nan paj 6 lan.</p>	<p>Wi</p> <p>Itilize zouti a pou kontwòle stati pèman ou an.</p>

**LEJANN:** RRB: Komisyon Konsèy Chemennfè (Railroad Retirement Board) SSI: Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income)  
SSA: Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration) VA: Konpansasyon ak avantaj Pansyon pou Veteran yo

Kontinye >

## Enfòmasyon Enpòtan pou Moun ki pa gen Adrès Pèmanan yo

Ou kapab jwenn pèman ankourajman yo menm si ou pa nan sitiyou san lojman oswa ou pa genyen yon adrès lapòs ki pèmanan. Ale gade Sant Otonomi Finansyè Vil New York yo (**NYC Financial Empowerment Centers**) ak Preparasyon Taks Gratis Vil New York (**NYC Free Tax Prep**) nan seksyon **Resous ak Èd Gratis** nan paj 6 lan pou:

1. Louvri yon kòfrefò ak yon kont labank ki pa twò chè si ou pa gen youn pou konfigire depo dirèk. EPI/OSWA
2. Depoze yon deklarasyon taks.

Sa ou bezwen pou depoze yon deklarasyon taks	Sa ou PA bezwen pou depoze yon deklarasyon taks
<p><b>Pyès idantite ki gen foto</b></p> <p>Fòm ki aseptab:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Lisans pou kondwi oswa yon idantifikasyon ki pa yon Lisans pou kondi</li> <li><input type="checkbox"/> IDNYC</li> <li><input type="checkbox"/> Pyès Idantite Anplwaye</li> <li><input type="checkbox"/> Pyès idantite Lekòl</li> <li><input type="checkbox"/> Pyès Idantite Militè</li> <li><input type="checkbox"/> Paspò</li> <li><input type="checkbox"/> Viza Ameriken</li> <li><input type="checkbox"/> Kat Idantite Nasyonal</li> </ul> <p><i>Verifye nan sitwèb NYC Free Tax Prep la pou jwenn plis fòm pyès idantite ki aseptab.</i></p> <p><b>Nimewo Idantifikasyon Fiskal</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Nimewo Sekirite Sosyal <b>OSWA</b></li> <li><input type="checkbox"/> Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN)</li> </ul>	<p><b>Adrès Pèmanan</b></p> <p>Ou kapab bay:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Adrès yon zanmi</li> <li><input type="checkbox"/> Adrès yon fanmi</li> <li><input type="checkbox"/> Adrès yon founisè sèvis oswa òganizasyon ou fè konfyans (refij, sant akèy lajounen, pwogram tranzisyon lojman)</li> </ul> <p style="text-align: center;"><b>ATANSYON AK...</b></p> <p>Preparatè yo peye ki ap ofri pou pran pèman ou yo pou yon komisyon ki egal ak plizyè santèn dola.</p> <p><i>Li ilegal pou yon preparatè faktire yon frè ki baze sou montan taks ou dwe oswa ranbousman ou dwe.</i></p>

## Enfòmasyon enpòtan sou Pèman Plus-Up yo

Dapre IRS la, "pèman plus-up yo" se pèman adisyonèl IRS la ap voye bay moun ki:

- Resevwa yon **twazyèm** pèman ankourajman ki baze sou yon deklarasyon enpo lane 2019 oswa enfòmasyon SSA, RRB, oswa VA resevwa.
- Kapab kalifye pou yon pi gwo pèman ki baze sou yon deklarasyon enpo lane 2020.

Egzanp sou rezon ki fè moun kapab resevwa yon pèman plus-up yo se:

- Yon bèss nan revni lane 2020 yo konpare ak sa lane 2019 yo.
- Nouvo timoun oswa depandan ki deklare nan deklarasyon enpo lane 2020 an.

Ou kapab kontwòle stati pèman plus-up ou an gras ak Zouti Get My Payment IRS la nan [irs.gov/getmypayment](https://www.irs.gov/getmypayment).

## Resous ak Èd Gratis

### Sant Otonomi Finansyè Vil New York yo:

Ou kapab jwenn konsèy finansye gratis nan telefòn oswa an pèsòn. Ale vizite [nyc.gov/TalkMoney](https://nyc.gov/TalkMoney) oswa rele nan 311 pou pran yon randevou. Kolabore ansanm ak konsèyè ou an pou louvri yon kont labank kidonk y'ap ka fè depo dirèk pou ou; jere chanjman ki gen nan bidjè ou; kontakte founisè kredi yo, ak plis toujou. Konsèyè ou an kapab ede w louvri yon Kont SafeStart Vil New York (verifye anba la a).

### Preparasyon Taks Gratis Vil New York (NYC Free Tax Prep):

Vizite [nyc.gov/taxprep](https://nyc.gov/taxprep) oswa rele nan 311 pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou voye taks ou ale gratis gras ak èd w'ap jwenn nan men yon ajan volontè IRS VITA/TCE ki sètifye. Gen èd ki disponib an pèsòn, tankou sèvis depo, oswa anliy (preparasyon taks anliy; èd pou prepare taks ou poukont ou anliy).

*Remak: Delè pou fè deklarasyon enpo federal pou ane 2020 an te dat 17 Me 2021; sepandan, ou kapab toujou deklare taks ou ak NYC Free Tax Prep. Si ou dwe gouvènman an lajan, ou dwe konnen ap gen sanksyon pou reta a.*

Pou w kapab kalifye pou NYC Free Tax Prep, ou dwe:

- Touche mwens pase \$68,000 (fanmi) oswa \$48,000 (selibatè)

Pou w ka itilize sèvis anliy yo, ou dwe genyen:

- Aksè nan yon òdinatè, tablèt, oswa telefòn entèlijian
- Koneksyon entènèt stab
- Voye tèks oswa imèl  
(Pou preparasyon pèsònèl ak èd)
- Kapasite pou telechaje lojisyèl videyo konferans ki san danje  
(pou ede w prepare taks ou anliy)

### Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection):

Ale sou [nyc.gov/safestart](https://nyc.gov/safestart) pou jwenn plis enfòmasyon konsènan opsyon labank ak lòt resous, tankou:

- **Kont SafeStart Vil New York**  
Ou kapab louvri yon kont nan youn nan plizyè bank ak koperativ ki gen Kont SafeStart Vil New York, yon kont epay debaz ki gen sekirite epi ki gen avantaj.
- **IDNYC**  
Ou kapab louvri yon kont nan youn etablisman ki pran IDNYC antanke yon fòm idantifikasyon prensipal.

- **Bank On**  
Ou kapab louvri yon kont anliy *Bank On* sètifye.

- **Fè Plis ak Lajan Ou an Lis Konsèy**

[Louvri Yon Kont Chèk](#)

[Konprann kijan Kat Prepeye yo fonksyone](#)

### AccessNYC:

Ale sou [access.nyc.gov/coronavirus-covid-19-updates](https://access.nyc.gov/coronavirus-covid-19-updates) pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis Ajans yo nan Vil la, tankou lojman, manje, COVID-19 egzamen ak biwo vaksinasyon, enfòmasyon sou avantaj yo, lekòl ak sèvis gadri, ak plis toujou.

### IRS:

IRS p'ap bay fo chèk, ak yon fo montan, apre sa pou li mande w rele nan youn nimewo oswa pou verifye enfòmasyon ou anliy pou ka pran lajan kach lan. Fè atansyon ak taktik pirat kouran sa a epi ak lòt ankò. Vizite [IRS.gov/coronavirus](https://www.irs.gov/coronavirus). Klike sou [Tax Scams/Consumer Alerts](#).